

**RASA CILIK ATINE PARAGA SAJRONE NOVEL CINENCANG LAWE ANGGITANE TULUS SETIYADI
(TINTINGAN PSIKOLOGI INDIVIDUAL ALFRED ADLER)**

Eka Puji Astutik

Pembimbing: Latif Nur Hasan, S.Pd., M.Pd.

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA (ekapujiastutik454@gmail.com)

Abstrak

ABSTRAK

Novel *Cinencang Lawe* anggitané Tulus Setiyadi yaiku novel sing nyritakake ngenani para paragane sing nduweni problem kajiwan sing arupa rasa cilik ati, amarga tansah ngrembakake *kompleks inferiorita*. Anane rasa kasebut paraga utama nggupaya dadi *superiorita* kanthi cara anane motivasi saka wong liya lan dorongan saka dhiri pribadine dhewe. Novel kasebut ditintingi migunakake teori Alfred Adler, amarga teori Adler ngrembug ngenani individu lan awèh kawigaten marang pawongan sing ringkih lan nduweni kahanan jasmani sing kurang sampurna.

Adhedhasar lelandhesan panliten, underane panliten iki yaiku: (1) Kepriye gegambaran rasa cilik atine paraga sajrone novel *Cinencang lawe* anggitané Tulus Setiyadi?, (2) Kepriye wujud pengaman rasa cilik atine paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitané Tulus Setiyadi?, lan (3) kepriye upayane paraga kanggo nggayuh kasuksesan sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitané Tulus Setiyadi. Gegayutan karo underane panliten, ancas panliten iki yaiku: (1) Ngandharake gegambaran rasa cilik atine paraga sajrone novel *Cinencang lawe* anggitané Tulus Setiyadi, (2) Ngandharake wujud pengaman rasa cilik atine paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitané Tulus Setiyadi, lan (3) Ngandharake upayane paraga kanggo nggayuh kasuksesan sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitané Tulus Setiyadi.

Metodhe panliten sing digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe dheskriptif kualitatif. Sumber dhata sing digunakake yaiku karya sastra sing awujud novel kanthi irah-irahan *Cinencang Lawe* anggitané Tulus Setiyadi sing cacahé ana 140 kaca. Dhata sing digunakake sajrone panliten iki yaiku arupa pacelathon antaraning paraga, tembung, ukara, paragraf, wacana, lan solah bawane paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitané Tulus Setiyadi, sing gegayutan karo underane panliten. Tata cara pangumpul dhata sajrone panliten iki nggunakake telung teknik yaiku maca, nyathet, lan klasifikasi dhata, sarta tata cara pangolahe dhata sajrone panliten iki yaiku nggunakake metode analisis dheskriptif.

Asil panliten nuduhake: Adhedhasar problem kajiwan sing tuwuh sajrone novel *Cinencang Lawe* sing disandhang dening paraga utama probleme yaiku arupa rasa cilik ati amarga paraga utama ngrembakake *kompleks inferiorita*, saka anane rasa kasebut paraga utama nalika nandhang prakara tansah digambarake nduweni rasa (1) gampang was-was, (2) bingung, (3) mindher utawa ora PD. Asil panliten kapindho nuduhake sing njalari tuwuhe rasa cilik atine paraga yaiku: (1) ora dianggep (*Gaya hidup diabaikan*), (2) lumpuh (Kahanan jasmani kurang sampurna), (3) ngalem (*Gaya hidup dimanja*), asil panliten sing katelu nuduhake wujud pengaman rasa cilik atine paraga yaiku: (1) nyalahake awake dhewe (*Self-accusation*), (2) nyalahake liyan (*Accusation*), (3) ngadoh saka pawongan sing ditresnani, lan asil panliten sing pungkasan nuduhake upayane paraga kanggo nggayuh kasuksesan yaiku: (1) gelem srawung (2) pantang nyerah.

Tembung wigati : *Inferiorita* utawa cilik ati lan *superiorita*.

PURWAKA

1.1 LandhesanePanliten

Sastra mujudake ekspresi saka pikiran lan pangrasane manungsa. Karya sastra diripta dening pangripta lumantar sawijine kedadéyan utawa kahanan sajrone urip lan panguripane manungsa. Karya sastra dudu mung asil saka pengangen-angen lan asil saka pikiran, nanging anane kedadéyan.

Sastra minangka gabungan saka kakuwatan antarane pamikir lan pangrasa. Anane kedadéyan sing bisa narik kawigatane panulis kasebut bisa diolah luwih dhisik lan diwujudake kanthi rerangken tartamtu (Najid, 2003:6). Babagan kasebut nuduhake yen karya sastra mujudake proses pamikir kreatif panulis sing antuk daya pangaribawa saka kedadéyan sing bisa dideleng lan dirasa dening

panulis. Anggitan sing kaya mangkono kalebu karya sastra Jawa modern.

Ras (sajrone Darni, 2016:4) ngandharake sastra Jawa modern nduweni *genre* sastra sing saemper karo sastra manca. Kasusastran Jawa modern sing saemper karo sastra manca nduweni wujud sing maneka warna, kayata roman, *short story* padha karo crita cerkak utawa sinebut cerkak, *long story* padha karo crita sambung utawa sinebut cerbung, *poem* utawa guritan, lan novel. Kasusastran Jawa modern mujudake kasusastran sing kagolong anyar lan ngasilake karya sastra sing maneka warna. Salah sawijine karya sastra modern sing narik kawigatene panliti yaiku novel.

Novel minangka salah sawijine karya sastra sing arupa prosa. Karya sastra sing ngandharake samubarang kanthi jembar, rinci, lan kompleks. Miturut Nurgiyantoro (2007:9) novel yaiku karya fiksi sing ngandharake aspek-aspek kamanungsan kanthi luwih jero, jalaran tema lan prakara sing ditulis sajrone novel saemper karo kanyatan. Bab kanyatan bisa dideleng sajrone unsur intrinsik novel. Kanyatan sing digambarake pangripta lumantar novel ora bisa uwal saka panguripane manungsa, mula sajrone crita fiksi ana sing jenenge paraga lan pamaragan, amarga tuwuhe crita sajrone karya sastra disebabake anane masalah sing disandhang dening paraga. Masalah sing disandhang dening paraga saliyané masalah sosial uga ngenani masalah kajiwan amarga nalika pangripta ngripta karya sastra, pangripta uga nulis kahanan rasa pangrasa sing dirasakake dening paraga nalika nandhang prakara, saengga anane rasa seneng, gela, isin, wedi, lan sapanunggalane iku kalebu masalah sing diakibatake saka problem batin utawa problem kajiwan (Hidayat lan Herdi, 2013:29).

Problem kajiwan kanthi cara ora langsung dicritakake dening pangripta liwat wewatekane paraga. Paraga sajrone crita nduweni kalungguhan sing wigati amarga tanpa anane paraga mokal mbentuk aluring crita. Saben paraga digambarake kanthi maneka warna sipat kaya dene sipate manungsa saengga karya sastra minangka kaca pangilon panguripan manungsa. Miturut Nurgiyantoro (2007:167) paraga sajrone crita nduweni posisi sing strategis minangka punggawa lan sing menehi pesen, amanat, moral, utawa sawijining bab sing diandharake pangripta lumantar karya sastra marang pamaca. Babagan kasebut nuduhake karya sastra minangka karya sing bisa menehi gambaran ngenani apa sing dirasakake dening pangripta lumantar kedadayan lan kahanane manungsa sajrone urip bebrayan sing nyata. Kedadayan lan kahanan kasebut digambarake pangripta arupa prakara-prakara sing tuwuh, bisa lumantar sesambungan antarane manungsa lan bisa

uga amarga kahanan jiwa pribadene manungsa dhewe.

Manungsa minangka salah sawijine objek sajrone karya sastra. Antarane sastra lan psikologi iku padha-padha ngrembug ngenani sesambungan karo manungsa (Endraswara, 2011:97). Psikologi ngrembug kahanan jiwane manungsa kanthi prakara sing nyata, dene psikologi ing sastra nyinaoni kahanan jiwane paraga sing asipat *imajinatif*. Ancas psikologi sastra yaiku ngerteni aspek-aspek kajiwan sing kinandhut sajrone karya sastra (Ratna, 2013:342). Panliten psikologi sastra ngonceki paraga lan wewatekane paraga sing digandhengake karo aspek sastra amarga nalika pangripta ngripta karya sastra, paraga lan wewatekane mujudake salah sawijine unsur pamangun karya sastra sing ana gegayutane karo kahanan psikologi jiwane manungsa.

Novel *Cinencang Lawe* anggitané Tulus Setiyadi nduweni paraga sing digambarake nduweni masalah kajiwan. Masalah iki diwiwiti nalika paraga utama yaiku Darmini lan Sugiyono omah-omah. Sadurunge mangun bale wisma Darmini wis ngandhut wijine Sugiyono. Saking tresnane Sugiyono marang Darmini, Sugiyono gelem tanggung jawab. Sasuwene Sugiyono mangun bale wisma, Darmini ora dianggep mantu nganti dheweke diasorake lan dituduh rena-rena. Bab kasebut sing njalari Darmini ditundhung saka omahe maratuwane lan diajak bojone manggon ing omah kontrakan. Nalika ngontrak lagi oleh setengah taun Sugiyono kena serangan lumpuh, awit dheweke ora kuwat anggone kerja rekasa amarga nalika urip bareng karo wong tuwane dheweke tansah diuja, dhasare pancen anake wong sugih, saengga nalika Sugiyono lumpuh, Darmini kudu cancut gumregah kanggo nyambung uripe.

Kacarita nalika Aris, anake lara lan kudu dislametake. Darmini diutus Sugiyono menyang omahe ibune kanggo nggolek wragad. Sawise tekan omahe maratuwane dheweke malah kena celathu karo Mbakyune. Kanggo nggayuh tujuwan supaya bisa nylametake anake, Darmini adol wadonan. Tumindake kasebut diweruhi bojone lan dheweke ditundhung bojone. Bojone rumangsa yen dheweke minangka wong lanang ajine wis disepelake, awit dheweke lumpuh lan ora bisa nyukupi kabutuhane. Bab kasebut sing njalari kaloro paraga kasebut nduweni rasa cilik ati amarga ngrembakake *kompleks inferiorita*.

Nalika ditundhung bojone, Darmini manggon ing omahe Bu Narji. Tata panguripane Darmini sing biyen tansah diasorake dening kulawargane bojone saiki bisa dadi wong mukti. Nalika urip karo wong tuwane angkat, dheweke uga disekolahake magang nyambi dadi wakil komesiaris

nganti dheweke dadi wakil komesiaris ing perusahaan wong tuwane. Sugiyono sawise nundhung bojone manggon ing omahe ibune, anggone manggon ing omahe ibune ora suwe merga ora krasan. Pungkasane dheweke minggat kanggo nentremake batin lan nggoleki sisik melike bojone. Saliyane iku, dheweke uga kepingin mbuktekake marang kulawargane yen dheweke bisa urip tanpa pambiyantu saka wong tuwane.

Konflik sing disandhang Darmini tansaya mbrebet nalika weruh bojone kerja ing perusahaan wong tuwane, anggone dheweke kepengen nemoni bojone dipenggak dening wong tuwane. Apa maneh bareng weruh bojone cedhak karo wanita liya tuwuh rasa sujana lan cubriya, amarga ora kuwat anggone nampa kahanan sing kaya mangkono, saengga kaloro paraga kasebut terus-terusan sedhih, bingung lan kuwatir. Pungkasane konflik sing disandhang Darmini lan Sugiyono bisa dipungkasi krana paraga kasebut nduweni krenteg anggone nggayuh tujuan sing trep karo panemune.

Adhedhasar problem kajiwan sing tuwuh sajrone novel *Cinencang Lawe*, probleme yaiku arupa rasa cilik ati, amarga paraga utama tansah ngrembakake *kompleks inferiorita*, anane rasa kasebut paraga utama nggupaya dadi *superiorita* kanthi cara anane motivasi saka wong liya lan dorongan saka dhiri pribadine. Kanggo ngonceki bab-bab kasebut digunakake tintingan psikologi sastra mligine tintingan psikologi individual Alfred Adler. Miturut Adler (sajrone Alwisol, 2011:64) manungsa lair saka kahanan awak sing ringkih lan ora nduweni daya. Kahanan kasebut nuwuhake rasa *inferiorita* lan ngandhalake marang liyan. Psikologi individual mawas individu minangka makhluk sing padha-padha nggantugake awake marang liyan kanthi cara sosial. Tegese, anane rasa nyawiji karo wong liya minangka syarat kanggo nggayuh tujuan.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur panliti bakal ngonceki novel *Cinencang Lawe* kanthi luwih njlimet ngenani kahanan kajiwane paraga sing nandhang rasa cilik ati amarga ngrembakake *kompleks inferiorita* kanthi anane maneka prakara sing disandhang dening paraga kanthi irah-irahan *Rasa Cilik Atine Paraga sajrone Novel Cinencang Lawe anggitane Tulus Setiyadi: Tintingan Psikologi Individual Alfred Adler*.

1.2 Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten, masalah sing arep dirembug sajrone panliten iki yaiku:

- 1) Kepriye gegambaran rasa cilik atine paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitane Tulus Setiyadi?

- 2) Kepriye wujud pengaman rasa cilik atine paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitane Tulus Setiyadi?

- 3) Kepriye pangupayane paraga kanggo nggayuh kasuksesan sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitane Tulus Setiyadi?

1.3 Tujuwane Panliten

Adhedhasar underane panliten, tujuan sing arep dirembug sajrone panliten iki yaiku:

- 1) Ngandharake gegambaran rasa cilik atine paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitane Tulus Setiyadi.
- 2) Ngandharake wujud pengaman rasa cilik atine paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitane Tulus Setiyadi.
- 3) Ngandharake pangupayane paraga kanggo nggayuh kasuksesan sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitane Tulus Setiyadi.

1.4 Paedahe Panliten

Ana sawetara paedah sing kepingin digayuh saka panliten iki. Paedah-paedah kasebut mligine tumrap panliti, pamaca, sastra Jawa modern, lan panggulawentah sastra. Kaya sing diandharake ing ngisor iki yaiku:

- 1) Tumrap Panliti, bisa ngecakake materi sing wis disinaoni sasuwene kuliyah gegayutan karo tintingan psikologi sastra.
- 2) Tumrap Pamaca, asil panliten iki diajab bisa nambah kawruh sajrone mahami karya sastra ngenani novel kanthi tintingan psikologi sastra, mligine psikologi individual Alfred Adler lan panliten iki dikarepake bisa menehi kawruh sing ana sesambungan karo panguripan sabendina.
- 3) Tumrap sastra Jawa modern, asil panliten iki diajab bisa aweh piguna tumrap pangrembakan sastra Jawa modern.
- 4) Tumrap panggulawentah sastra, asil panliten iki dikarepake bisa menehi pambiyantu para mahasiswa nalika babagan analisis karya sastra mligine psikologi sastra tintingan psikologi individual Alfred Adler.

1.5 Panegese Tetembungan

Panegese tetembungan sajrone panliten iki digunakake kanggo negasi tembung-tembung wigati, supaya para pamaca gampang anggone ngerteni isi panliten iki. Wujud panegese tetembungan bisa kawawas kaya ing ngisor iki, yaiku:

- 1) *Inferiorita* utawa rasa cilik ati
Rasa *inferior* utawa cilik ati yaiku kahanan rasa pangrasa sing tuwuh saka dhiri pribadi individu sing diakibatake saka kahanan-kahanan tartamtu sajrone lingkungan kulawarga lan masyarakat.

Kahanan-kahanan kasebut kayata, anane kahanan jasmani sing kurang sampurna, ngalem (*gaya hidup dimanja*), lan ora dianggep (*gaya hidup diabaikan*), saengga individu sing nyandhang rasa *inferior* utawa rasa cilik ati sing linuwih lumrahe nuwuhake rasa gampang was-was, bingung, lan mindher utawa ora *PD* nalika nandhang prakara (Naisaban, 2004:7-8).

2) Teori Psikologi Individual Alfred Adler

Miturut Adler (sajrone Alwisol, 2011:64) manungsa lair saka kahanan awak sing ringkih lan ora nduweni daya. Kahanan kasebut nuwuhake rasa *inferiorita* lan ngandhalake marang liyan. Psikologi individual mawas individu minangka makhluk sing padha-padha nggantungake awake marang liyan kanthi cara sosial. Tegese, anane rasa nyawiji karo wong liya minangka syarat kanggo nggayuh tujuwan.

METODHE PANLITEN

3.1 Ancangan Panliten

Panliten kanthi *irah-irahan Rasa Cilik Atine Paraga Sajrone Novel Cinencang Lawe Anggitane Tulus Setiyadi* minangka panliten kualitatif. Miturut Ratna (2011:47) panliten kualitatif yaiku panliten sing digunakake kanggo nitingi fakta-fakta sosial kayadene sing ditafsirake dening subjek. Objek panliten sajrone panliten kualitatif ora mujudake kedadayan sosial minangka wujud *subtansif*, nanging makna-makna sing kinandhut sajrone tumindak sing njalari tuwuhe kedadayan sosial. Sajrone ilmu sastra, sumber dhatane yaiku arupa karya sastra utawa naskah. Sunarto (2011:134) ngandharake yen Panliten kualitatif anggone nglumpukake dhata arupa ukara-ukara sing ngambarake sawijine objek panliten lan dudu arupa angka. Panliten kualitatif yaiku panliten sing nuduhake yen panliten kasebut asipat alamiyah lan apa anane (Arikunto, 2006:12). Panliten ngenani *Rasa Cilik Atine Paraga sajrone novel Cinencang Lawe* asipat kualitatif, amarga mujudake panliten sing ngasilake dhata dheskriptif apa anane lan ora dimanipulasi.

Metodhe sing digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe dheskripsi analisis. Miturut Ratna (2011:53) metodhe dheskriptif analisis ditindakake kanthi cara ngandharake fakta-fakta banjur dianalisis. Adhedhasar etimologi, dheskripsi lan analisis tegese ngandharake. Analisis sing dikarepake tegese ora mung ngandharake, nanging uga nggawe dudutan kanthi cara menehi *pemahaman* lan *penjelasan* sacukupe, kanthi metodhe dheskriptif analisis asil panliten awujud dheskripsi saka dhata-dhata sing arupa ukara, pada, lan pacelathon antaraning paraga. Pendhekatan sing digunakake

sajrone panliten iki yaiku pendhekatan psikologi sastra tintingan psikologi Individual Alfred Adler.

3.2 Sumber Dhata lan Dhata Panliten

3.2.1 Sumber Dhata

Sumber dhata sajrone panliten yaiku subjek asale dhata. Sumber dhata kaperang dadi 2 jinis, yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder (Arikunto, 2006:128). Sumber dhata primer sajrone panliten iki yaiku karya sastra sing arupa novel kanthi irah-irahan *Cinencang Lawe* anggitane Tulus Setiyadi. Novel iki cetakan anyar ing taun 2017, nggunakake basa Jawa modern, kande ana 140 kaca lan crita sajrone novel kaperang dadi rolas bab utawa episode. Sumber dhata sekunder sajrone panliten iki awujud buku *literature* ngenani psikologi sastra mligine teori psikologi individual Alfred Adler.

3.2.2 Dhata

Dhata sajrone panliten minangka objek sing bakal dianalisis. Sajrone ilmu sastra dhata sing digunakake arupa karya, dhata formal ing panliten sastra awujud tembung, ukara lan wacana (Ratna, 2011:47). Sajrone panliten iki, dhata sing digunakake yaiku arupa pacelathon antaraning paraga, tembung, ukara, paragraf, wacana, lan solah bawane paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitane Tulus Setiyadi, sing gegayutan karo underane panliten.

3.3 Instrumen Panliten

Instrumen panliten mujudake piranti-piranti sing digunakake sajrone panliten supaya cundhuk kalawan metodhe sing ditrapake (Arikunto, 2006:149). Instrumen panliten digunakake kanggo ngumpulake dhata utawa informasi sing migunani yaiku kanggo mangsuli underane panliten. Sajrone panliten iki, panliti nggunakake rong instrumen yaiku instrumen pokok lan instrumen panyengkuyung. Instrumen pokok sing dimaksud yaiku panliti nindakake panliten, jalaran sajrone panliten iki panliti nduweni pangaribawa sing wigati yaiku, panliti minangka sing nggolek sumber dhata, nganalisis dhata, ngandharake dhata, nglompokake dhata, nulis asile panliten lan menehi dudutan sajrone panliten, dene instrumen panyengkuyunge kayata buku, pulpen, lan kertas kanggo nyathet dhata-dhata sing dibutuhake sajrone panliten.

3.4 Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata sajrone panliten iki nggunakake telung teknik yaiku teknik maca, nyathet, lan riset kapustakan. Teknik maca lan nyathet minangka teknik sing digunakake kanggo ngasilake cara maca teks utawa *literatur*. Maca bola-

bali sawijine teks bisa nuwuhake asil sakabehe karya sastra kanthi maksimal. Sawise maca teks sing dadi sumber panliten, teknik sabanjur yaiku teknik nyathet kanthi cara menehi tandha lan nyathet bukti-bukti minangka dhata sajrone novel *Cinencang Lawe* sing ana gegayutane karo apa sing bakal dirembug, lan teknik sing pungkasan yaiku teknik kapustakan yaiku teknik sing digunakake kanggo nglumpukake dhata-dhata utawa bahan-bahan sing dijupuk saka sumber kapustakan sarta dokumen liya (Surakhmad, 1985:85).

Anggone nglumpukake dhata kaya sing diandharake ing ngisor iki yaiku:

1) Teknik Maca

Cara sing kapisan yaiku maca kanthi tliti lan bola-bali novel sing arep diteliti yaiku maca novel *Cinencang Lawe* anggitane Tulus Setiyadi, anggone maca kanthi cara *intensif* supaya panliti bisa mahami isine novel kasebut kanthi jero.

2) Teknik Nyathet

Sawise maca lan paham ngenani isine crita novel *Cinencang Lawe*. Teknik sabanjure yaiku teknik nglumpukake dhata kanthi cara menehi tandha lan nyathet bukti-bukti minangka dhata. Teknik cathet ditindakake kanthi cara menehi tandha garis bawah tumrap tembung, frase, lan ukara sing cundhuk karo underane panliten.

3) Teknik Klasifikasi Dhata

Teknik klasifikasi dhata yaiku teknik nggolongake dhata sing wis diklumpukake saka proses nyathet dhata sadurunge, supaya bisa trep karo underane panliten. Teknik iki sejatine teknik milah-milah dhata adhedhasar underan lan tujuan panliten sing wis ditemtokake. Tujuwane teknik iki yaiku kanggo njupuk dhata sing diperlokake lan nyisihake dhata sing ora diperlokake.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Bab iki bakal ngandharake asiling panliten sing mujudake wangsulane saka prakara sing wis diandharake ing punjere panliten. Andharan asiling panliten kaperang dadi telu yaiku, ngandharake gegambaran rasa cilik atine paraga, wujud pengaman rasa cilik atine paraga, sarta ngandharake upayane paraga kanggo nggayuh kasuksesan sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitane Tulus Setiyadi kanthi tintingan psikologi Individual Alfred Adler.

4.1 Gegambaran Rasa Cilik Ati sajrone Novel *Cinencang Lawe*

3.5 Tata Cara Pangolahe Dhata

Tata cara nganalisis dhata sajrone panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif. Tujuan metodhe iki yaiku nggawe dheskripsi gegambaran kanthi cara sistematis, nyata, lan akurat ngenani kasunyatan sarta gegayutan antarane kedadeyan sing diteliti. Metodhe analisis dheskriptif minangka metodhe sing ngasilake dhata dheskriptif sing arupa tembung lan ukara sing katulis. Dhata sing wis diklumpukake banjur dikelompokake lan dipilah adhedhasar kepentingane. Langkah sabanjure yaiku nganalisis dhata nggunakake lelandhesan teori. Asil analisis didheskripsiake adhedhasar prakara sing ana sajrone panliten.

Miturut Endraswara (2011:162) teks sastra perlu diproses kanthi sistematis, nggunakake teori sing wis dirancang sadurunge lan proses analisis kudu bisa weneh sumbangan pemahaman teori, mula proses analisis adhedhasar dheskripsi analisis sing ditindakake kanthi kualitatif, saengga asil analisis luwih mligi lan luwih ringkes sarta cundhuk karo underane panliten.

Panliti anggone nganalisis dhata sajrone panliten iki nggunakake prosedur analisis kaya ing ngisor iki:

- 1) Nyathet sakabehe dhata sajrone novel *Cinencang Lawe*.
- 2) Klasifikasi utawa pangelompokan dhata adhedhasar underane panliten lan teori sing digunakake.
- 3) Analisis adhedhasar underane panliten kanthi cara nggayutake teori Psikologi sastra mligine teori psikologi individual Alfred Adler.
- 4) Nyimpulake dudutan saka asil analisis dhata sing wis dianalisis kanthi teori psikologi individual Alfred Adler.

Perangan sub bab iki bakal ngandharake ngenani problem kajiwane paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* anggitane Tulus Setiyadi sing nduweni rasa cilik ati amarga ngrembakake *kompleks inferiorita*. Gegambaran rasa cilik atine paraga sajrone novel kasebut kaperang dadi telu yaiku, gampang was-was, bingung, lan mindher utawa ora PD.

4.1.1 Gampang Was-Was

Miturut Yusuf (2004:39) rasa was-was yaiku rasa ringkih, sawijine rasa pangrasa sing disandhang dening pawongan *neurotik*. Pawongan sing nduweni rasa was-was bakal nuwuhake rasa wedi lan ngrasa

ora aman, saengga pawongan sing nandhang rasa kasebut bakal mikirake kahanan sing durung diadhepi sadurunge nindakake bab sing dadi tujuwane, amarga individu kasebut tansah rumangsa wedi. Wedi menawa tujuwane ora bakal kagayuh. Rasa was-was bisa dirasakake dening sapa wae nalika pawongan kasebut nandhang prakara. Rasa was-was sing disandhang dening Darmini bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor iki:

"Dar nyilih hp-ne, kanggo nelpon ibu."

"Hp-ne wis rusak mas, ceblok saka amben kae,"

"Hahhh...menawa ngono, tekan rumah sakit banjur sowana ibu, njaluk pambiyantu. Awit awake dhewe ora nduwe ragad lan ora nduwe jaminan kesehatan."

"Nanging Mas...?"

"Ora usah alasan. Menawa ibuku nganti ora gelem awèh pambiyantu, aku prasapa ora bakal kapengin ketemu dheweke maneh. Pancen ibu gething kowe, nanging ora marang putune. Percaya Dar, ibuku bakal awèh pambiyantu. Tulung Dar, slametna Aris aja nganti ana apa-apa..."

"Iya Mas, dakcobane" (Setiyadi, 2017:2-3).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Darmini lan Sugiyono mujudake paraga utama sing nyandhang rasa was-was nalika ngadhepi problem. Problem sing disandhang dening Darmini lan Sugiyono yaiku anake lara dhémam berdarah lan kudu dislametake, kanggo nylametake anake mbutuhake wragad sing ora sithik. Sugiyono ngutus bojone supaya tindak menyang omahe ibune kanggo njaluk pambiyantu, awit dheweke ora nduwe wragad lan ora nduwe jaminan kesehatan. Nalika Darmini diutus bojone menyang omahe maratuwane dheweke ora gelem, amarga dheweke ora wani lan rumangsa wedi. Rasa wedi sing dirasakake dening Darmini marang maratuwane yaiku krana ora dianggep mantu. Bab kasebut sing njalari Darmini nduweni rasa cilik ati nalika arep nemoni kulawargane bojone, amarga ngrembakake *kompleks inferiorita*. Rasa was-was sing nuwuhake rasa wedi kasebut kaobong dadi tekad sing kudu ditindakake sawise bojone ngandhani dheweke, yen ibune bakal awèh pambiyantu, merga ibune kuwi mung gething marang dheweke nanging ora marang putune. Anane *faktor eksternal* sing arupa panyurung kasebut sing njalari Darmini nindakake apa sing dadi kekarepane bojone.

Saliyane rasa sumelang sing disandhang dening paraga Darmini rasa sumelang kasebut uga disandhang dening paraga Sugiyono. Rasa sumelang sing disandhang dening Sugiyono bisa dideleng saka rasa kuwatire dheweke anggone ngenteni tekane bojone, amarga anggone bojone nggolek wragad ora bali-bali nganti tekan wayah wengi. Rasa cubriya lan sujana terus nggodha pikire, awit ibune sing dijaluki pambiyantu wis tekan rumah sakit ing wayah awan. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

"Ibu menapa durung rawuh Pak?" Pitakone suster Wati...

"Lha kuwi karepe piye?...."

"Kabarpun kalawau tindak delemipun Bu Lamini?"

"Aneh, nganti ibu wis tekan kene, dheweke isih durung balik. Piye bojoku kuwi."

"Menapa boten dipuntelpon utawi dipunpadosi?"

"Hp-ne rusak...umpama digoleki parane.. ora cetha."

Sugiyono mung bisa unjal ambegan, batine ngarep-arep tekane Darmini. Saiba bungahe Darmini menawa dheweke wis bisa mlaku. Sugiyono saiki sing nggolek sandhang pangan kanggo nyukupi butuhe kulawarga, dene Darmini tetep ing omah ngurusi anake (Setiyadi, 2017:22).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake pitakonane suster wati marang Sugiyono ngenani Darmini, amarga anggone Darmini nggolek wragad ora bali nganti tekan wayah wengi. Kamangka pawongan sing dijaluki pambiyantu wis tekan rumah sakit nalika ing wayah awan. Sugiyono rumangsa kuwatir marang tumindak sing bakal ditindakake dening bojone, merga anane *faktor eksternal* sing ora bisa nyukupi kabutuhan kanggo wragad biaya rumah sakite anake. Sugiyono minangka wong lanang ora bisa nyukupi kabutuhan kulawarga sawise kena serangan lumpuh, saengga rasa was-was sing nuwuhake rasa wedi kasebut minangka rasa sing gambarake gegambaran rasa cilik atine paraga amarga ngrembakake *kompleks inferiorita*.

4.1.2 Gampang Bingung

Rasa bingung sajrone panliten novel *Cinencang Lawe* iki disandhang dening paraga Darmini minangka paraga utama nalika mangguli prakara ing bale wismane. Rasa bingung sing disandhang dening Darmini bisa dideleng saka

sawise dheweke ditundhung bojone, merga tumindake kuwi. Bisa dideleng saka cuplikan gegambarane paraga sing digambarake kanthi cara langsung ing ngisor iki:

...Darmini wis ora nggagas marang awake sing thili-thili kudanane nganti teles klebes. Luhe kang tumetes sajak kepingin tandhing marang gumrojoke banyu udan... isine mung sarwa bingung kudu tumuju ing ngendi uripe sajak wis ora bisa diterusna, rasane kepingin mupus menawa ngelingi panandhange. Darmini terus ngrungmangsani marang kaluputane. Saiki bojo sing ditresnani lan dadi papane pangayoman malah nundhung minggat. Umpama ora ngelingi anake sing gumlethak ana rumah sakit mbokmenawa wis mutung marang uripe. Wong tuwa wis ora ana, sedulur padha adoh papane. Banjur arep manggon ing ngendi...Batine Darmini karanta-ranta awit ora kuwat nampa kahanan sing dianggep abot (Setiyadi, 2017:29).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake rasa bingung Darmini sawise ditundhung bojone nganti dheweke ora nggatekake marang awake senadyan kena banyu udan, amarga dheweke terus ngrungmangsani marang kaluputane. Pikirane dadi ora karuwan merga bojo sing dadi papan pangayoman ora gelem nampa dheweke. Rasa bingung sing dirasakake Darmini tansaya ngubel ing pikire nganti dheweke pengin mupus marang uripe, menawa ora kelingan marang kahanane anake sing lagi gumlethak ing rumah sakit. Darmini arep nglakoni tumindak kasebut merga dheweke wis ora nduwe tujuwan urip. Dhasare wong lanang sing dadi papan pangayoman wis nundhung dheweke, wong tuwane wis ora ana, sedulur uga padha adoh papane, saengga dheweke ora kuwat anggone nampa kahanan sing dianggep abot. Saliyane iku, dheweke uga rumangsa yen uripe sajak wis ora bisa diterusake maneh.

4.1.3 Mindher utawa Ora PD

Mindher utawa rumangsa asor yaiku kahanan rasa pangrasa sing tuwuh nalika individu nduweni rasa kurang nduweni rega sing disebabake saka *ketidakmampuan* psikologis utawa sosial kanthi

cara subyektif. Rasa mindher uga bisa tuwuh nalika individu nduweni kahanan jasmani sing kurang sampurna. Senadyan rasa rendhah dhiri nggawa kasusahane, nanging ilange rasa rendah dhiri ora sateruse antuk kanikmatan. Tujuwane manungsa dudu ngolehake kanikmatan nanging nggayuh kasampurnan (Suryabrata, 2003:188).

Rasa mindher utawa ora PD sing disandhang dening Darmini bisa dideleng saka tumindake paraga kasebut anggone nyambangi anake ing omah kontrakan biyen, anggone nyambangi anake dheweke mesthi ngepasi jam kerjane bojone. Tujuwane supaya dheweke ora kadonangan karo bojone. Saliyane iku, anggone dheweke niliki anake uga kanthi cara dandan menor ngowahi paesane, supaya tangga-tanggane padha ora ngerti yen satemene dheweke kuwi Darmini. Bisa dideleng saka cuplikan gegambarane paraga sing kagambar kanthi cara langsung ing ngisor iki:

Ing dina minggu isih esuk Darmini wis mlebu salon kecantikan. Niyate supaya bisa ngowahi praupane nganti wong liya pangling. Sawise rambute diganti werna lan wedhake dikandeli dadi rupane malih menor....banjur niyat liwat tumuju papane bojone. Sapa ngerti Aris mengko pas ing ngarep omah. Nanging, batine mangu. Nalika nyawang spion mobil sajak ana sing aneh. Anggone dandan koknganti kebacut... Kanthi dandanan sing menor kaya mangkono bisa dianggep bocah nakal utawa wong gendheng....Bareng nyawang wong-wong ing dalan sing padha mlaku thukul pikiran liya. Sopire dikongkon ngeterna ing buthik. Darmini banjur milih busana muslim sing ireng. Saiki panganggone sarwa rapet lan tutuke ditutupi karo cadhar. Sajak rumangsa aman lan ora bakal dikenal liya (Setiyadi, 2017:88-89).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake gegambaran rasa cilik atine Darmini, amarga saka anane rasa kasebut Darmini rumangsa isin utawa mindher nganti anggone nilik anake kanthi cara mlebu salon kecantikan dhisik, banjur dandan menor, rambute diganti werna lan wedake dikandheli. Tujuwane yaiku supaya wong liya padha pangling marang dheweke lan ora ana sing bakal ngenali yen satemene dheweke kuwi Darmini.

Sawise dheweke mlebu salon kecantikan dheweke ora rumangsa *PD*, nanging malah rumangsa isin, amarga anggone dandan nganti kebacut, saengga yen dheweke nemoni anake kanthi cara kasebut dheweke bakal dikira tanggane kaya bocah nakal. Sawise dheweke nyawang wong-wong sing ana ing dalan padha mlaku thukul pikiran liya, banjur sopire dikongkon ngeterake menyang butik tujuwane arep tuku busana muslim. Tumindake Darmini anggone nemoni anake kanthi maneka werna cara kasebut kalebu *dhiri kreatif*, amarga dheweke nglakoni tumindak kasebut mung kanggo nggayuh siji tujuwan sing ana ing ati yaiku, ngobati rasa kangene marang Aris, anake

Rasa mindher saliyané disandhang dening paraga Darmini, rasa mindher kasebut uga disandhang dening Sugiyono. Rasa mindher sing disandhang dening Sugiyono bisa dideleng saka tumindake Sugiyono sing tansah nganggep yen wong liya kuwi panguripane luwih becik tinimbang dheweke, saengga nganti njalari dheweke ngadoh saka kancane sawise dheweke omah-omah karo bojone. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

“Hahh...sepurane aku wis kladuk wani kurang duga marang kepala bagian..”

“Wis ora penting. Saiki tujuwanmu apa nglamar gaweyan ing kene?”
Banjur Sugiyono nyritakake lelakone sing saiki ora karuwan.

4.2 Wujud Pengaman Rasa Cilik Ati sajrone Novel *Cinencang Lawe*

Wujud pengaman rasa cilik ati sajrone panliten iki ana telu, yaiku nyalahake awake dhewe (*Self-accusation*), nyalahake liyan (*Accusation*), lan ngadoh saka pawongan sing ditresnani.

4.2.1 Nyalahake Awake Dhewe (*Self-Accusation*)

Miturut Adler (sajrone Feist dan Feist, 2010:97), nyalahake awake dhewe yaiku jinise wujud pengaman sing ditindakake dening pawongan kanthi cara ndakwa awake dhewe utawa nyiksa awake dhewe, amarga dheweke rumangsa nduweni rasa luput lan dosa marang tumindake. Tujuwane wujud pengaman iki yaiku kanggo ngamanake harga dhiri supaya wong liya percaya yen satemene dheweke wis getun marang tumindake. Tumindake Darmini sing nyalahake awake dhewe bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor iki:

“ Mas umpama aku ngerti ibu bakal nragadi biaya rumah sakit lan Mbak Titik ora kandha sing kaya ngono, ora mungkin iki dumadi...”

“Satemene kanca-kanca padha takon kowe, ana sing crita sawise rabi banjur ngilang. Hahh... jebul kaya ngono sing kokalami.Aku melu prihatin marang nasibmu..

“Iya..... dadi menawa arep kumpul kanca dadi isin.”

“Saiki mentalmu kaya tempe biyen dadi pemain teater patuta ora nduwe isin” (Setiyadi, 2017:60-61).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake kahanane Sugiyono sawise lara lumpuh, banjur kanggo nyambung urip dheweke nggolek panggaweyan. Kabeneran nalika nglamar ing perusahaan sing dadi kepala bagian personalia kuwi Ajis, kancane nalika kuliyah. Sugiyono nyritakake lelakone karo Ajis sawise dheweke rabi karo bojone, yen anggone dheweke ngilang lan ora tau nemoni kanca-kancane kasebut merga isin, awit nalika rabi dheweke ora disarujuki dening wong tuwane, banjur dheweke minggat lan urip ing omah kontrakan. Saliyané iku, dheweke uga kena serangan lumpuh nalika ngontrak lagi oleh setengah taun, amarga dheweke ora kuwat anggone kerja rekasa. Nasibe dadi ora karuwan, saengga nalika arep kumpul kanca dadi isin, amarga dheweke rumangsa yen wong liya panguripane luwih becik tinimbang dheweke.

“Sepurane sing gedhe, aku sing luput. Kabeh mung kanggo nylametna anake dhewe. Ajiku pancen dakgadhekna kanggo nututi nyawane Aris. Aku lila kokasorke, trima menawa dianggep nistha. Aku pancen wanita lemeran, nanging kabeh kanggo anak,” swarane Darmini serak karo miseg-miseg (Setiyadi, 2017:26).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake rasa getune Darmini sawise dheweke ngerti yen ibune bakal nragadi biaya rumah sakit anake. Rasa getune kasebut merga dheweke wis gadhekake ajine marang Kasno kanggo nututi nyawane anake, kamangka biaya rumah sakit wis ditanggung dening maratuwane. Nalika bojone meruhi tumindake, dheweke njaluk sepura, merga dheweke rumangsa luput lan dosa. Kanthi cara nangis Darmini ngasorake awake ing ngarepe bojone, supaya bojone gelem ngapura marang kaluputane. Dheweke ora ngerti yen ibune bakal biyai rumah sakite anake, saengga bola-bali dheweke kandha menyang bojone yen dheweke rumangsa luput lan dosa. Dheweke lila

diasorake lan dianggep apa wae, supaya bojone gelem nrima lan ngapura kaluputane, amarga tujuwane dheweke nindakake kuwi mung kanggo nylametake nyawane anake.

4.2.2 Nyalahake Liyan (Accusation)

Miturut Adler (sajrone Feist dan Feist, 2010: 97), nyalahake liyan yaiku jinise wujud pengaman sing ditindakake dening pawongan kanthi cara nyalahake wong liya tumrap kegagalan sing ditindakake. Tujuwane wujud pengaman iki yaiku kanggo ngamanake harga dhiri tumrap kegagalan sing ditindakake, saengga kanthi cara kasebut dheweke bisa nutupi rasa lupute marang tumindake.

Paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* sing luwih milih nyalahake liyan tumrap kegagalan sing ditindakake anggone nundhung bojone yaiku Sugiyono. Dheweke nglakoni tumindak kasebut merga dheweke wiwit bisa ngerteni tumindak lan keputusan bojone. Bisa dideleng saka cuplikan gegambarane paraga sing kagambar kanthi cara langsung ing ngisor iki:

Kelingan...polahé Darmini. Umpama dheweke bisa ngupaya golek dhuwit kanggo anake mesthine Darmini ora bakal nindakna klakuan sing nistha kuwi. Dadi bener apa sing dikandhaake bojone....umpama bojone nalika semana ora diunen-uneni Mbakyune lan bisa katemu ibune, ora bakal bojone kajegur donyane kanisthan. Sugiyono manggut-manggut wiwit bisa ngerteni keputusan bojone (Setiyadi, 2017:41).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake tumindake Sugiyono sing nyalahake liyan kanthi cara mbenerake awake lan tumindake bojone. Dheweke rumangsa yen kedadeyan nalika semana kedadèn merga dheweke ora bisa nggupaya nggolek dhuwit, awit dheweke kena serangan lumpuh, saengga menawa dheweke ora kena serangan lumpuh dheweke bisa nggupaya nggolek dhuwit. Saliyane iku, umpama bojone nalika semana njaluk pambiyantu ora diunen-uneni dening Mbakyune, bojone uga ora bakal kajegur ing donyane kanisthan. Sugiyono ndudut yen kedadeyan nalika semana bisa dumadi merga salahe Mbakyune.

4.2.3 Ngadoh saka pawongan sing ditresnani

Ngadoh saka pawongan sing ditresnani yaiku tumindak sing dilakoni dening pawongan sing ora kepingin wong sing ditresnani weruh ngenani

dheweke. Pawongan sing ngadoh saka pawongan sing ditresnani lumrahe ana sebabe lan pawongan sing kaya mangkono lumrahe pawongan sing nduweni masalah lan rumangsa luput marang pawongan sing ditresnani. Tujuwane wujud pengaman iki yaiku kanggo nentremake batine.

Paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* sing luwih milih ngadoh saka pawongan sing ditresnani nalika ngadhepi prakara yaiku Darmini lan Sugiyono. Paraga Darmini milih tumindak sing kaya mangkono jalaran paraga kasebut rumangsa isin lan luput marang tumindake. Saliyane iku, dheweke nglakoni tumindak kasebut merga saka dhawuhe wong tuwane, supaya bisa menehi pengajaran marang bojone lan kulawargane bojone. Bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor iki:

“Ana apa Dar?” pitakone Bu Narji.

“Mboten mangertos, dumadakan kula kemutan Aris anak kula...”

“Apa kowe saiki kepingin katemu anakmu?” Pitakone Pak Narji.

“Niyatipun makaten, nanging kula dereng sanggup kepanggih kalih Mas Sugiyono menapa malih kulawarganipun.”

“Yawis disabarna dhisik. Bapak percaya marang kowe, bisa nutupi rasa kangenmu sawetara wektu.

“Bapakmu bener, sawetara wektu kowe kudu bisa mekak rasamu dhisik. Menawa kowe ketemu anakmu saiki, mesthi ora bisa menehi pengajaran marang bojomu” (Setiyadi, 2017:65).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake gegambarane rasa kangene Darmini marang anake nalika crita marang wong tuwane angkat, nanging anggone dheweke kepingin nemoni anake, dheweke ora wani utawa isih durung siyap, merga mengko yen dheweke nemoni anake dheweke uga bakal ketemu karo bojone, awit anake salawase ditinggal diemong dening bapakne. Darmini kandha menyang wong tuwane, senadyan dheweke kepingin ketemu karo anake, dheweke ora wani nemoni merga dheweke isih durung siyap anggone ketemu karo bojone apa maneh kulawargane bojone. Tumindake Darmini sing kaya mangkono kasebut kalebu wujud pengaman wangun pepalang, amarga dheweke nduwe cara dhewe kanggo nggayuh rasa amane yaiku kanthi cara manggon ing omahe wong tuwane angkat tanpa ana sing meruhi.

Saliyane paraga Darmini sing ngadoh saka pawongan sing ditresnani nalika ngadhepi prakara. Paraga Sugiyono uga ngadoh saka pawongan sing

ditresnani nalika ngadhepi prakara. Sugiyono nindakake bab kasebut merga dheweke ora kuwat anggone urip sing tansah diatur dening kulawargane. Tumindake Sugiyono sing ngadoh saka kulawargane bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor iki:

“Arep menyang endi Gi?”

Pitakone Bu Lamini..nalika weruh anake ngringkesi barang.

“Sepurane Bu, sajake aku ora krasan manggon ing omah kene. Aku bakal bali ing omah kontrakan lan nggoleki Darmi.”

“Apa kowe tega marang ibumu dhewekan ing omah?”

“Aku ngerti perasaane ibu, nanging klakuane Mbak Titik wis kebacut. Sajake omah iki ninggal lelakon kang gawe rengkane anggonku bebrayan.”

“Kowe kudu bisa ngerteni karepe Mbakyumu. Niyate Titik kepengin uripmu luwih mapan lan ora katula-tula.”

“....Aku ngerti ibu ora seneng karo Darmi, nanging kuwi bojoku ibune Aris. Sepisan maneh sepurane sing gedhe, aku kudu ninggalake ibu” (Setiyadi, 2011:50).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake tumindake Sugiyono sing ngadoh saka pawongan sing ditresnani kanthi cara ninggalake omahe ibune lan bali menyang omah kontrakan sing biyen dikontrak bareng karo bojone. Sugiyono nglakoni tumindak kasebut, amarga dheweke ora krasan anggone manggon ing omahe ibune, jalaran nalika ing omahe ibune uripe tansah diatur dening kulawargane utamane si Titik Mbakyune. Saliyane iku, dheweke uga rumangsa yen omah kasebut uga wis ninggal lelakon sing gawe rengkane anggone bebrayan, saengga tujuwane dheweke minggat saka omahe wong tuwane yaiku kanggo nentremake ati lan mbusek kenangan ala. Saliyane iku, dheweke uga kepingin mbuktekake marang ibune yen dheweke bisa urip tanpa pambiyantu saka wong tuwane..

4.3 Upayane Paraga Kanggo Nggayuh Kasuksesan sajrone Novel Cinencang Lawe

Upayane paraga kanggo nggayuh kasuksesan sajrone panliten iki kaperang dadi loro yaiku: gelem sawung lan pantang nyerah.

4.3.1 Gelem sawung

Gelem sawung yaiku salah sawijine pagupayane pawongan kanggo nggayuh

kasuksesan. Miturut Adler (sajrone Alwisol, 2011:70) pawongan sing nduweni rasa nyawiji ngrembaka kanthi apik, nggupaya nggayuh tujuwan dudu mung kanggo awake dhewe, nanging kanggo kasampurnan sakabehe pawongan sajrone masyarakat. Anane interaksi marang liyan kasebut bisa agawe manungsa nggayuh kasampurnan kanthi cara sehat lan ora salah tujuwan.

Nalika Darmi manggon ing omahe Bu Narji, dheweke kerep antuk motivasi saka Bu Narji, sing ora liya wong tuwane angkat. Anane motivasi kasebut Darmi semangat anggone nggayuh kasuksesan nganti dheweke gelem disekolahake nyambi magang dadi wakil komesiaris perusahaan. Tumindake Darmi anggone gelem disekolahake magang nyambi dadi wakil komesiaris bisa dideleng saka cuplikan gegambarane paraga sing kagambar kanthi cara langsung ing ngisor iki:

...Darmi dhewe bingung, ngapa kulawarga Narji bisa aweh kawigaten sing kaya ngono. Ora mung dianggep anake wae, nanging uga disekolahkan nyambi magang dadi wakil komesiaris perusahaan. Kabeh mung dilakoni kanthi ikhlas manut dhawuhe bapak ibune angkat kuwi...Darmi mung bisa pasrah lan nurut dhawuh wae. Jenenge perusahaan ora ngerti babar pisan dikongkon ngalor ya ngalor ngidul ya ngidul..(Setiyadi, 2017:66).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake tumindake Darmi sing *antusias* anggone nggayuh kasuksesan. Anane motivasi saka wong tuwane nalika dheweke didhawuhi magang dadi wakil komesiaris, senadyan dheweke ora ngerti apa kuwi perusahaan, nanging dheweke gelem nggupaya kanthi cara rajin belajar lan manut apa sing dadi dhawuhe wong tuwa minangka bukti pangupayane paraga Darmi sing gelem sawung kanggo nggayuh kasuksesan. Darmi yakin yen kasuksesan saben pawongan bisa digayuh kanthi cara anane motivasi saka wong liya. Anane motivasi kasebut sing njalari Darmi gelem disekolahake nyambi magang dadi wakil komesiaris.

Rasa empatine Bu Narji marang Darmi anggone nyuksesake Darmi kanthi cara magang dadi wakil komesiaris minangka bukti anane minat sosial sing diduweni Darmi bisa ngrembaka kanthi becik. Rasa empatine Bu Narji bisa tuwuh, amarga Darmi gelem sawung nalika ngadhepi kasusahan. Anane pasrawungan sing becik antarane Darmi lan Bu Narji, Darmi bisa dadi wong mukti ora kaya penganggane biyen sing tansah diasorake dening kulawargane bojone.

4.3.2 Pantang nyerah

Pantang nyerah yaiku salah sawijine tumindak sing dilakoni dening pawongan kanggo nggayuh tujuwan. Manungsa sing kepingin nggayuh tujuwan bakal nindakake maneka warna cara kanggo nggayuh apa sing dibutuhake. Bab kasebut dumadi, merga saben manungsa lair saka kahanan awak sing ringkih kahanan kasebut nuwuhake rasa *inferiorita* lan nggupaya dadi *superiorita*.

Paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* sing pantang nyerah anggone nggayuh kasuksesan yaiku paraga Darmini. Tumindake paraga Darmini sing pantang nyerah supaya bisa dadi wakil komesiaris bisa dideleng saka cuplikan gegambarane paraga sing kagambar kanthi cara langsung ing ngisor iki:

"Menika file laporan saged dipunbikak wonten komputer. Lajeng laporan ingkang enggal wonten email perusahaan," Kandhane Tomy nalika semono lan gawe bingunge Darmini. Darmini thingak-thinguk kaya kethek ketulup banjur ngomong lirih "Mas aku durung bisa komputer..." (Setiyadi, 2017:67).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen satemene Darmini rumangsa *inferior* utawa cilik ati nalika dheweke dikogkon asistene mbukak file laporan sing ana ing komputer, merga dheweke isih durung bisa computer, nanging rasa *inferiore* paraga kasebut mampu nggawa dheweke semangat anggone sinau nganti dheweke ngomong apa anane yen dheweke durung bisa komputer. Tumindake Darmini anggone ngomong apa anane marang asistene minangka bukti pangupayane paraga kasebut kanggo nggayuh kasuksesan, amarga kanthi cara kasebut dheweke bisa sinau komputer lan sinau thek kliwere perusahaan.

Sipate Darmini sing pantang nyerah anggone nggayuh kasuksesan bisa dideleng saka kasuksesane paraga kasebut anggone dipercaya dening wong tuwane dadi wakil komesiaris perusahaan ing perusahaanane wong tuwane angkat. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

"Mbak Mimin nimbali kula?"

"Lenggah!"

Ajis banjur nuruti parintahe wakil komesiaris kuwi, lungguh ing ngarepe mejane Darmini (Setiyadi, 2017: 75).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake kasuksesane paraga Darmini nganti jenenge diganti Mimin nalika kerja ing perusahaan. Dheweke

nglakoni tumindak kasebut merga dheweke ngerti yen bojone uga kerja ing perusahaanane wong tuwane angkat. Anane motivasi saka wong tuwane anggone dheweke dikongkon sekolah magang dadi wakil komesiaris lan anane dorongan saka dhiri pribadine supaya dheweke ora diasorake dening liyan utamane kulawargane bojone, dheweke gelem nggupaya kanthi cara rajin belajar. Bab kasebut ditindakake supaya dheweke bisa nggayuh tujuwane.

Saliyane paraga Darmini sing pantang nyerah anggone nggayuh kasuksesan paraga Sugiyono uga pantang nyerah anggone nggayuh kasuksesan. Bukti pangupayane Sugiyono sing pantang nyerah anggone nggayuh tujuwan bisa dideleng saka trampile dheweke anggone makarya. Bab kasebut bisa dibuktekake saka posisine Sugiyono sing sadurunge mung ngrewangi Ajis saiki wis diutus kancane nangani thek kliwere perusahaan dhewe. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

Setaun Sugiyono wis kerja ing perusahaan. Awake saiki wis ora kuru maneh nanging tambah gagah lan kuning resik. Dheweke wis dipercaya karo Ajis nangani dhewe prakara-prakara kantor. Pancen Sugiyono dhsare pinter lan trampil apa sing ditandangi mesti kasil kang maremake. Ajis dhewe rumangsa bombong dene kancane kuwi wis diunggulake (Setiyadi, 2017:78).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Sugiyono pancen pantang nyerah anggone nggayuh tujuwan, bab kasebut ditindakake kanthi cara trampil anggone makarya. Dheweke nglakoni tumindak kasebut merga dheweke pengin urip mulya lan ora diasorake dening kulawargane. Saliyane iku, dheweke uga kepingin mbuktekake marang kulawargane, sendayan dheweke biyene tansah diuja, nanging dheweke bisa nggayuh tujuwan kanthi cara semangat anggone makarya lan pantang nyerah. Sipate Sugiyono sing pantang nyerah anggone nggayuh kasuksesan minangka bukti pangupayane paraga kanggo ngurangi rasa *inferior* utawa rasa cilik ati sing ana ing dhiri pribadine.

Bukti pangupayane paraga Sugiyono sing pantang nyerah nalika ngadhepi kasusahan lan nggayuh kasuksesan paranyata bisa agawe dheweke tumuju tujuwan sing dikarepake yaiku bisa kumpul karo anak lan bojone. Saliyane iku, dheweke uga wis dadi wong mukti ora kaya penganggane biyen sing tansah diasorake dening kulawargane. Bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor iki:

"Aku seneng banget bisa ketemu kowe.....Aku satemene wis yakin menawa Bu Mimin kuwi kowe.....Sugiyono nangis ing rangkulane bojone.

"Iya Mas...aku luput.

Saiba kagete Darmini lan Sugiyono nalika weruh gemruduge wong mlebu ing kamar kuwi.

"Sugeng siyang Pak," Sugiyono karo mbungkuk aweh pakormatan banjur nyalami.

..... Karo nangis Darmini banjur ngrangkul marang wong wadon kuwi sing ora liya ibu angkate (Setiyadi, 2017:133-134).

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake tumindake Sugiyono sing pantang nyerah anggone nggayuh apa sing dadi tujuwane nganti dheweke bisa ketemu karo bojone lan njaluk sepura marang kaluputane. Anane pasrawungan sing becik antarane Sugiyono lan Ajis kancane, dheweke bisa nggupaya nggoleki bojone nganti ketemu, merga ana *dorongan sosial*. Anane pasrawungan sing becik antarane Darmini lan wong tuwane angkat, Darmini bisa ketemu karo bojone ing kahanan sing pas lan ngapura marang kaluputane bojone.

Adhedhasar pangupayane paraga kanggo nggayuh kasuksesan lan tujuwan sing trep karo panemune. Paraga Darmini lan Sugiyono bisa nggayuh apa sing dadi tujuwane, yaiku bisa dadi wong mukti ora kaya penganggane biyen sing tansah diasorake dening liyan. Saliyane iku, dheweke uga bisa kumpul karo anak lan bojone. Bab kasebut dumadi, amarga saben manungsa bisa nggayuh tujuwan kanthi cara anane motivasi saka wong liya lan dorongan saka dhiri pribadine dhewe. Anane rasa nyawiji kasebut sing njalari saben pawongan bisa nggayuh tujuwan kanthi sehat.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Adhedhasar problem kajiwan sing tuwuh sajrone novel *Cinencang Lawe* sing disandhang dening paraga Darmini lan Sugiyono, probleme yaiku arupa rasa cilik ati amarga paraga utama tansah ngrembakake *kompleks inferiorita*. Anane rasa kasebut paraga utama nalika nandhang prakara digambarake nduweni rasa gampang was-was, bingung, lan mindher utawa ora *PD*, amarga paraga utama nduweni sifat sing khas, yaiku sifat individual. Sifat individual kasebut tuwuh amarga

dheweke nduwe panemu yen wong liya luwih apik tinimbang dheweke.

Wujud pengaman rasa cilik atine paraga sajrone novel *Cinencang Lawe* uga ana telu, sing kapisan yaiku nyalahake awake dhewe (*Self-accusation*), nalika ngadhepi problem paraga utama tansah nyalahake awake dhewe, tujuwane supaya wong liya percaya yen satemene dheweke wis getun marang tumindake. Wujud pengaman sing kaloro yaiku nyalahake liyan (*Accusation*), nalika ngadhepi problem paraga utama uga kadhangkala tansah nyalahake liyan, tujuwane yaiku ngamanake harga dhiri tumrap kegagalan sing ditindakake, amarga dheweke rumangsa yen kegagalan sing ditindakake ora mung merga kesalahane. Wujud pengaman sing katelu yaiku ngadoh saka pawongan sing ditresnani. Nalika ngadhepi problem paraga utama uga wangun pepalang kanthi cara nggawe jarak saka pawongan sing ditresnani, tujuwane yaiku kanggo nentremake batine.

Pangupayane paraga kanggo nggayuh kasuksesan sajrone novel *Cinencang Lawe* ana loro sing kapisan yaiku, gelem sawung lan sing kaloro yaiku pantang nyerah. Anane motivasi saka wong liya lan dorongan saka dhiri pribadine, paraga utama sajrone novel kasebut bisa mungkasi prakara sing disandhang. Saliyane iku, paraga kasebut uga bisa nggayuh kasuksesane yaiku bisa dadi wong mukti ora kaya penganggane biyen sing tansah diasorake dening kulawargane.

5.2 Pamrayoga

Sajrone panliten iki pamrayoga sing pengin diandharake dening panliti yaiku kaya ing ngisor iki:

- (1) Teori psikologi Alfred Adler iki bisa digunakake kanggo ngrembug lan nliti karya sastra sing onjo ngenani kajiwane paraga. Kajiwane paraga sing nduweni daya ringkih lan nduweni kahanan jasmani sing kurang sampurna trep yen ditintangi migunakake teori kasebut.
- (2) Novel *Cinencang Lawe* anggitane Tulus Setiyadi trep yen digunakake kanggo sumber wacan amarga novel kasebut nduweni crita sing laras karo panguripan nyata, saengga novel kasebut ngemot piwulang sing bisa digunakake cekelan kanggo nglakoni urip.
- (3) Kanggo Mahasiswa jurusan Bahasa lan sastra Jawa, asil panliten iki mugiya bisa dadi *referensi* marang panliten ing sabanjure lan bisa nduweni paedah tumrap pamaca. Saliyane iku, asil panliten iki bisa didadekake dhasar kanggo nyinauni, nganalisis, lan mahami karya sastra mligine tintingan psikologi kapribadene paraga sajrone novel.

KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2011. *Psikologi Kepribadian*. Malang. UMM Press.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Darni. 2016. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism*. Surabaya: UNESA University Press.
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Widyatama.
- Feist, Jess & Gregory J. Feist. 2010. *Teori Kepribadian Theories of Personality (Edisi 7)*. Jakarta: Salemba Humanika.
- Hidayat, Dede Rahmat dan Herdi. 2013. *Bimbingan Konseling Kesehatan Mental di Sekolah*. Bandung: Remaja Rosdakarya Offset.
- Naisaban, Ladislaus. 2004. *Para Psikologi Terkemuka Dunia (Riwayat Hidup, Pokok Pikiran, dan Karya)*. Jakarta: PT Grasindo.
- Najid, Mohammad. 2003. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- _____. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Setiyadi, Tulus. 2017. *Cinencang Lawe*. Lamongan: Lentera Ilmu.
- Surakhmad, Winarno. 1985. *Pengantar Penelitian Ilmiah Dasar Metode Teknik*. Bandung: Transito.
- Sunarto. 2011. *Metode Penelitian*. Jakarta: FE-UI.
- Suryabrata, Sumadi. 2003. *Psikologi Kepribadian*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.

